Утверждаю
директор школы
С.Г.Сулейманов

**Рабочая программа по родному языку**

**Фонетика,грамматика,бит1унхъвай ва калам цебет1езаби.**

**(1саг1ат анкьида жаниб,кинабниги 36саг1ат)**

**Гьаркьал ва х1арпал**

Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал. Раг1абазулъ гьел рат1а рахъизе лъай. Графикаялъул рахъалъ релъенлъи бугел бат1и-бат1иял гьаркьал рихьизарулел х1арпал.

1) Г,г1,гъ;
2) Х,хх,х1,хь,хъ;
3) К,кК,к1,к1к1,кь,къ;
4) Л,ль,лълъ;
5) Ц,цц,ц1,ц1ц1;

Геминатал раг1абазулъ гьел бит1ун гьабизе ругьунгьари. Щ,Ш рагьукъал гьаркьал раг1абазулъ бит1ун ц1ализе ва хъвазе бажари.Лабиялиял гьаркьал ва рихьизарулел х1арпал: кв,ккв,к1в,к1к1в,къв,хв,хъв,ев,щв,шв,гъв,гъв,гв,ч1в,цв,ц1в. Е,ё,ю,я х1арпал. Ъ,ь х1арпал ва гьезул т1убалеб хъулухъал. Слог.Раг1и слогазде бикьизе ва слогалккун гьелъул бут1аби ц1ияб мухъиде росизе ругьун гьари.
**Ударение.** Раг1улъ ударение бугебги гьеч1ебги слог бат1а бахъизе лъай.
**Алфабит.** Х1арпазул ц1арал. Алфавиталъул к1вар. Словаргун х1алт1изе ругьунлъи.

**Раг1и**

Щив? Щий?Щиб? Щал? Абурал суалазе жаваблъун рач1унел раг1аби предметазул ц1арал ккей.
Кинав? Кинай? Кинаб? Кинал? абурал суалазе жаваблъун рач1унел раг1аби предметазул г1аламатал рихьизарулел раг1аби ккей. Щиб гьабураб? Щиб лъугьараб? Щиб гьабулеб бугеб? Щиб лъугьунеб бугеб? Абураб суалазе

жаваблъун рач1унел раг1аби предметалъул иш бихьизабулел раг1аби ккей.Г1адамазул ц1аразул ва фамилиязул, х1айваназда лъурал т1ок1ц1аразул, шагьаразул,росабазул, г1оразул ц1аразул бет1ералда к1удияб х1арп хъвазе лъай**.**

**Предложение**

Калам предложениязде биххизе лъай.Предложениялда жаниб жинца иш гьабулеб ялъуни жиндир х1акъалъулъ бицунеб раг1и батизе лъай. Маг1нгаялде балагьун,предложениял рат1а рахъизе,жиндецаго г1уц1изе лъай.Предложениялъул суалаздалъун раг1абазда гьоркьоб бухьен ч1езабизе гьари.Предложениялъул суалаздалъун раг1абазда гьоркьоб бухьен ч1езабизе ругьун гьари. Предложениялъул авалалда к1удияб х1арп хъвазе, ахиралда т1анк1,суалияб ва ах1ул ишараби лъезе ругьун гьари. Предложениялда жаниб маг1наялъул рахъалъ ц1ик1к1араб квар жиндир бугеб раг1и,гьаракь борхизабун,бихьизабизе ругьун гьари.

**Калам цебет1езаби**

Калам ва г1умруялда жаниб гьелъул бугеб к1вар. К1алзул ва хъвавул каламалъул х1акъалъулъ бич1ич1и кьей.

**Текст.** Тексталда жанир аслияб маг1на загьир гьабулел раг1аби рат1а гьаризе ругьун гьари. Гьит1инабго хабарияб текст бут1абазде биххизе, гьелъул тема баян гьабизе лъай. Тексталда ва гьелъул бут1абазда ц1ар лъей. Изложениялъул х1акъалъулъ бич1ч1и кьей.Муг1алимасул суалазда рекъон изложениял –харбал рицине ц1алдохъаби ругьун гьари.

**Берцин хъвай**

1)и,ш,г,г1,т,т1,н,р,у;

2) л,м,ц,ц1,щ,ь,гь,ы;

3) а,о,ю,ф,д,б,я;

4) с,е,ё,ч,ч1,ъ,гъ,лъ,в.

5) э,х,х1,хь,хъ,ж,з.к,к1,кь,къ.

**К1удиял х1арпазул группаби:**

1)И,Ш,Ц,Ц1,Ч,Ч1,Л,М,А;

2)О,С,З,Х,Х1,Е,Э,Я;

3) Ж,У,Н,К,К1,Ю,Р,В,Ф;

4) Г,П,Т,Д,Б;

5) ХЬ,ХЪ,КЬ,КЪ,ЛЪ,ГЬ,ГЪ,Т1**;**

**Хъвазе зах1матал раг1аби:**
пальто,учитель,стакан,махх,куй,
рукъ,гьой,болнух,оц1х1ут1,раххан,ххвел,ххине,бесси,бусси,руссун,ицц,буц1 ц1ин,билълъин,ч1ч1вад,рич1ч1и,гвенд,коллектив,театр,сверун,лъаб-лъабккун,бецаруз,
ничгьеч1,гъадар,дагь-дагьккун,бецабруз,ничгьеч.

**Лъаялъул ва бажариялъул рахъалъ 2 классалъул ц1алдохъабазда цере лъурал аслиял т1алабал**
**Ц1алдохъабазда лъазе кола:**

Авар алфавиталъулх1арпазул ц1арал,рагьарал ва рагьукъал гьаркьазул г1аламатал; раг1и бикьун босиялъул къаг1идаби.

**Ц1алдохъабазухъа бажаризе кола:**

Раг1аби,предложениял,30-40 раг1и бугел текстал,гъалат1ал риччач1ого,бит1ун хъвазе;рагьарал ва рагьукъал гьаркьал рат1а рахъизе,геминаталги лабиалиял гьаркьалги гъолъ ругел раг1аби бит1ун абизе (ц1ализе) ва хъвазе, раг1и слогазде бикьизе,слогалккун гьел бут1аби ц1ияб мугъиде росизе, ударение бугебги гьеч1ебги слог бат1а бахъизе; г1адамазда,х1айваназда,шагьаразда,росабазда,г1оразда, лъурал ц1аразул бет1ералда к1удияб х1арп хъвазе

ПОУРОЧНОЕ ПЛАНИРОВАНИЕ ПО РОДНОМУ (АВАРСКОМУ) ЯЗЫКУ

2 КЛАСС, (1 ЧАС В НЕДЕЛЮ, 36 ЧАСОВ В ГОД)

| **№** | **Тема урока** | **Часы** | **Дата** | **Д/З** |
|---|---|---|---|---|
| **1** | **Слово. Предложение. Текст** | **1** | | **Упр 12** |
| **2** | **Звонкие и глухие звуки и буквы** | **1** | | **Упр 42** |
| **3** | **Звонкие и глухие звуки и буквы** | **1** | | **Упр 45** |
| **4** | **Е,Ё,Ю,Я буквы** | **1** | | **Упр 48** |
| **5** | **Глухие звуки и буквы** | **1** | | **Упр 56** |
| **6** | **Й глухой звук и буква** | **1** | | **Упр 58** |
| **7** | **Диктант** | **1** | | |
| **8** | **Свойственные аварскому языку согласные звуки и буквы** | **1** | | **Упр 65** |
| **9** | **Ш, Щ, - глухие звуки буквы** | **1** | | **Упр 79** |
| **10** | **Кк, К1к1, Чч глухие звуки и буквы,** | **1** | | **Упр 81** |
| **11** | **Геминаты** | **1** | | **Упр 85** |
| **12** | **Кк, К1к1, Чч - глухие звуки** | **1** | | **Упр 90** |
| **13** | **Ч1ч1, Сс - глухие звуки** | **1** | | **Упр 92** |
| **14** | **Диктант** | **1** | | |
| **15** | **Работа над ошибками** | **1** | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **16** | **Цц - глухой звук** | **1** | | **Упр115** |
| **17** | **Ц1ц1 - глухой звук** | **1** | | **Упр 121** |
| **18** | **Лълъ - глухой звук** | **1** | | **Упр 125** |
| **19** | **Лабиальные звуки** | **1** | | **Упр 129** |
| **20** | **ъ, ь - буквы** | **1** | | **Упр 147** |
| **21** | **Алфавит** | **1** | | **Упр147** |
| **22** | **Алфавит** | **1** | | **Упр 149** |
| **23** | **Слово и слог** | **1** | | **Упр 155** |
| **24** | **Диктант** | **1** | | |
| **25** | **Работа над ошибками** | **1** | | |
| **26** | **Ударение. Речь. Предложение. Текст** | **1** | | **Упр 168** |
| **27** | **Ударение. Речь. Предложение. Текст** | **1** | | **Упр 177** |
| **28** | **Имя существительное** | **1** | | **Упр 226** |
| **29** | **Имена собственные и их правописание** | **1** | | **Упр 239** |
| **30** | **Имя прилагательное** | **1** | | **Упр 255** |
| **31** | **Глагол** | **1** | | **Упр 282** |
| **32** | **Глагол** | **1** | | **Упр 292** |
| **33** | **Диктант** | **1** | | |
| **34** | **Работа над ошибками** | **1** | | |
| **35** | **Повторение пройденных тем** | **1** | | **Упр 306** |
| **36** | **Повторение пройденных тем** | **1** | | |